


Bhaibheri re vana
Rikukupai



Kudenga,
ndiwo musha
wakanaka we
Mwari



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Lazarus
Alastair Paterson

Rakatorwa na: Sarah S.

Rwakashandurwa na: Phiri Williams


Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.


Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.




Jesu panguwa ya akagara panyika akadzidzisa
vadzidzi wake zvekudenga. Wakataura kuti
"kudenga kuri kumba kwe Baba wangu",
akawaudza kuti kune nzvimbo
yakawanda. Nzvimbo
hombe yakanaka.
Kudenga kwakakura,
kwakanaka
kupfura dzimba
dze pasi pano.




Jesu wakataura, “ndawa kuyenda kudenga kuno gadzira nzvimbo yenyu, ndinowuyazve kunokutorayi ndega.” Jesu akayenda kudenga, nguwa yaaka muka kumakuva. Munguwa yawaitarisa iye akasimuka kuyenda, gore rakamutambira kubva mumaziso mumaziso awo.



Kubvira ipapo, wakiristu wanomirira kuwuya
kwake kwechiviri kuzowatora. Jesu akatatawura
kuti anowuya parizvino, munguwa
wasikumirira. Chii chichaitika
kumakirisitu akafa iye asatu
auya? Mu Bhaibheri
rinotawura kuti
wanoyenda kwa Jesu.
Kubva mumiri kuri
kugara ne Ishe.



Zvakazarurwa, ibuku rekupedzisira
mubaiburo, rinotiwudza zvekunaka kwekudenga.
Chinoshamisa ndechekuti, kudenga ndiko kumba kwa
Mwari munzira yakanaka, kudenga
iri imba ye Mwari. Mwari
ari pesepese,
Asi Chigaro
chake chiri
kudenga.



Ngirozi nezvinu zvekudenga zvinorumbidza Mwari
kudenga. Chimwechete wanu we Mwari wakafa
wakayenda kudenga. Wanoimba
nziyo dzekutenda Mwari.

Pano pane manzwi emunziyo
imwechete yawano yimba: IMI
MUNODIWA NEMAKA

YEKUTI
WATIWUYISA
KWEMWARI
NE ROPA
RENYU


...




... MWATIBUDISA KUNZE KWE MITAWURO
YEWANU WAKASIYANASIYANA MUNYIKA
MWATISARUDZA ISU TIGARE
MADZISHE EKURUMBIDZA
KWEMWARI WEDU.
(Zvakazarurwa 5:9)




Matsamba ekupedzisira e Bhaibheri anotawura zvekudenga se "Jerusarema mutsva". Kudenga kuhombe, kunze kwemusha wa Mwari kwakasungwa ne matombo machena, anowoneka se crystal.




Hembe ne mabwe epamusoro anotendenderera
mushawo, anowoneka mwakasiyanasiyana. Magedi
emushawo akasungwa mwekushamisa!




Magedi ekushamisa havarwe nguwadzose. Handeyi tinopinda mukatimwemusha ... HEE! Kudenga kwanakisa mukati mwacho. Migwagwa yacho yakasungiwa ne goride.




Rwizi rwakanaka ruchena, runobva kuchigaro chemwari. Kwekutanga kwerwizi kune muti weupenyu, wakawoneka mumunda we edeni. Muti iwowo unodiwa sitereki. Unozvara zvekudya gumi rimwechete ne zviviri, zvakasiyana mwedzi wese. Mashizha emuti weupenyu anoruramisa nyika.



Kudenga hakudiwe zuwa chero mwedzi kuti kuyedze.
Mbiri ye mwari inoyedza nguwa dzose. Hakuna
husiku ikoko.




Kana zviputa zvekudenga zvakasiyana.
Wakazvidzidzisa zvine hukama. Bere ne makwayi
zvicha dyira pamwechete pauswa. Kana shumba
yakasimba inodya uswa se mombe. Ishe anoti,
"Hawachakuware kana kuparadza pagomo rangu
richena."



Tikatarisa
pakutendenderera,
pane zvinu zvimwe
zvisipo kudenga.

Hakuna
kushatiriwa.
Hakuna
kurowana
kana



kurambidzana zvinu.
Hakuna kupfiga misuwo,
nemaka yekuti hakuna
mbava kudenga.

Hakuna kunyepa,
kuwuraya,
waroyi,
kapena
wanhu
wakashata.


Kudenga
hakuna kuita
zvitema ne
zvakashata
zvese.



Na Mwari kudenga hakuna
misodzi. Nguwa dzimwe, wanu
we mwari wanochema nemaka
yekuti zvinorwadza pasi pano.
Kudenga, Mwari achapukuta
misodzi yedu.



Hakuna rufu kudenga. Wanu vanhu va Mwari
wachagara ne Ishe mazuwa ose. Kudenga hakuna
zvinorwadza, hakuna kuchema, hakuna zvinorwadza.
Hakuna kurwara, hakuna
kusiya, hakuna
rufu. Munu
ariyese anofara
mazuwa ese
na Mwari.




Chinu chepamusoro nde ichi, kudenga ndekwe
wakomana ne wasikana (nevakuru) Wakava ne
chokwadi cha Jesu kuva rusunguko ndi kunzwira
zva anoda Ishe. Kudenga kune buku rinoitwa
buku remwana wehwayi reupenyu.

Rakazaza nema zita ewanu.

Munoziva mazita
akanyorwa imomo?

Wanuwese
wanovimba
Jesu.

Zita rako riripo?



Mazvi ekupedzisira muBhaibheri anotaura zvekudenga akanaka anotidaidza. "Ne Mudzimu ne anotawura, 'Huyayi!' vese vanonzwa vataure 'huyai!' Iye arikunzwa nyota awuye. Uyo anoda, atore mvura yeupenyu."



Kudenga, ndiwo musha wakanaka we Mwari

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Johani 14; 2 Wakorinto 5;
Zvakazarurwa 4, 21, 22

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarama semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

